

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun desain kuantitatif kalawan métodena nyaéta kuasi éskperimen. Dina ieu desain panalungtikan dibagi kana 3 tahap pikeun nyangking data anu di butuhkeun nyaéta tahap pikeun mikanyaho kamampuh awal nulis (*pretest*), larapna modél dina pangajaran nulis (*treatment*) sarta kamampuh ahir nulis (*posttest*). Ari kuasi éksperimén manrupa éskpérimen pikeun nempatkeun unit anu pangleutikna ka kelompok kuasi ékspérimen sarta kontrol anu dilakukeuna téh teu sacara acak (Hastjarjo, 2019). Desain nu di paké dina ieu panalungtikan mangrupa *pretest* jeung *posttest* nu dilaksanakeun dikelas XI. *Pretest* dilaksanakeun saméméh dilarapkeuna modél *project based learning* (PJBL) ka siswa dina pangajaran nulis téks biografi, sarta *posttest* nu dilaksanakeun sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL) ka siswa dina pangajaran nulis téks biografi.

Pretest dilaksanakeun sangkan mikanyaho kamampuh awal nulis teks biografi siswa. Ari *treatment* dilaksanakeun sabada *pretest* nyaéta ngalarapkeun modél *project based learning* (PJBL) ka siswa dina pangajaran nulis téks biografi. Ari *posttest* dilaksanakeunna sabada siswa dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL) ka siswa dina pangajaran nulis téks biografi pikeun mikanyaho kaéféktifan tina modél *project based learning* (PjBL) dina pangajaran nulis téks biografi. Sangkan jéntré désain panalungtikan di gambarkeun dina gambar 3.1.

Gambar 3.1 Désain Panalungtikan

O1	X	O2
----	---	----

Keterangan:

Sugiyono, (2010:110-111)

O1= Kamampuh nulis téks biografi siswa saméméh dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL)

X= *Treatment* nyaéta ngalarapkeun modél *Project Based Learning* (PJBL) dina pangajaran nulis téks biografi.

O2= Kamampuh nulis téks biografi siswa sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL).

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta siswa Fase F atawa kelas XI di MA AR-RAHMAN CIKALONGWETAN taun ajar 2024/2025.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés awal (*pretest*) saméméh dilarapkeuna modél *project based learning* (PJBL) jeung tés ahir (*posttest*) sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL). Anapon instrumén panalungtikan baris dijentrékeun di handap.


Paréntah Nulis Téks Biografi
Cik hidep, saha anu boga tokoh idola? resep ka eta tokoh? boh artis, boh nu séjenna. Prak jieun ku hidep téks biografi tokoh idola nu dipikaresep dumasar kana katangtuan di handap! a) Téma bebas dumasar kahayang hidep sorangan, umpamana: tokoh idola, olahragawan, artis, pulitik, seniman, jsb. b) Maké struktur téks biografi (orientasi, peristiwa/kejadian penting, reorientasi) sarta make éjahan anu bener.

Lembar Kerja Siswa
Wasta : Kelas :

Gambar 3.2
Instrumén Panalungtikan

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina panalungtikan mangrupa hiji hal pénting. Pamarékan ieu panalungtikan nyaéta kuantitatif maké data – data mangrupa angka pikeun ngajawab hipotésis panalungtikan. Méthode nu dipaké nyaéta méthode kuasi ékspérimén. Pikeun méré Gambaran ngeunaan prosedur panalungtikan, baris dijéntrékeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1

Prosedur Panalungtikan

Dina prosés ieu panalungtikan, dibagi kana sawatara tahapan, ieu di handap mangrupa runtuyan tina prosedur panalungtikan.

a) Tatahar Panalungtikan

Panalungtik ngaidentifikasi jeung obsérvasi ka sakola dumasar kana pasualan nu karandapan ku siswa ogé guru hususna dina pangajaran nulis téks biografi. Satuluyna nangtukeun modél anu bisa dipaké jeung henteuna pikeun ngungkulan pasualan, nangtukeun variabel, nataharkeun instrumén téks, instrument paniléyan, jsb.

b) Tahap Ngalaksanakeun Panalungtikan

Panalungtik ngalaksanakeun tés awal (*pretest*) saméméh dilarapkeuna modél *project based learning* (PJBL) di awal lawungan. Satuluyna, panalungtik méré réfleksi jeung évaluasi tina hasil *pretest* ka siswa sarta ngalarapkeun *treatment* modél *project based learning* (PJBL) dina kagiatan pangajaran nulis téks biografi. Siswa diparéntahkeun pikeun migawé hiji pancén sangkan jadi hiji proyék mangrupa téks biografi tina hasil video wawancara.

c) Tahap Ahir Panalungtikan

Panalungtik méré hasil évaluasi tina proyék siswa anu satuluyna ngalaksanakeun tés ahir (*posttest*) sangkan bisa ngukur kamampuh ahir siswa sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PJBL) dina kagiatan pangajaran nulis téks biografi. Sanggeus kitu, panalungtik ngolah data nu geus dikumpulkeun di lapangan jeung nganalisis hasil *pretest* ogé *posttest* maké aplikasi SPSS. Panalungtik ogé nyindékeun hasil luyu jeung tujuan tina panalungtikan sarta nangtukeun rékoméndasi.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik pikeun nyangking data panalungtikan maké téhnik tés (*pretest* – *posttest*). Arikunto (dina Atminingsih, dkk. 2019) nétélakeun yén tés mangrupa runtuyan latihan. Ieu tés bisa dipaké pikeun jadi alat dina ngukur pamarékan, pangaweruh atawa kamampuh nu dipiboga ku siswa sacara individu atawa kelompok. Jinis tés na nyaéta ngaliwatan tés tulis atawa nulis téks biografi langsung. Sabab, data utama nu butuhkeun ku panalungtik ngeunaan kamampuh nulis saméméh jeung sabada siswa dina pangajaran téks biografi saméméh jeung sabada dilarapkeun *modél Project Based Learning* (PJBL).

3.6 Téhnik Ngolah Data

Data nu di kumpulkeun panalungtik tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil tina kagiatan saméméh jeung sabada dilarapkeun modél PJBL. Léngkah – léngkah tina téhnik analisis data nu dilakukeun ku panalungtik nyaéta: Tina ieu panalungtikan make perhitungan nu dilakukeun dumas kana SPSS (*Statistical Product and Service Solutions*), SPSS mangrupa alat ngolah data. Ilaharna ieu SPSS dipaké

sangkan bisa ngolah jeung nganalisis data kuantitatif anu geus di cangking. SPSS mibanda kamampuh pikeun nganalisis data nu patalina jeung statistik, sabab méré kaonjoyan dina nalika nganalisis panalungtikan pikeun variable nu leuwih jembar. Léngkah – léngkah tina ngolah data panalungtikan, dipedar di handap.

- 1) Ngaobsérvasi atawa mariksa hasil tina *pretest* ogé *posttest* luyu kana *kriteria penilaian* nu geus ditangtukeun panalungtik, ieu kriteria meunteun siswa di pedar di handap.

Tabel 3.1

Rubrik Penilaian Nulis Teks Biografi

Nulis Téks Biografi	No	Aspek	Skor	Kriteria
<i>Isi atau gagasan yang dikemukakan</i>	A	Eusi	27-30	Hadé pisan-Sempurna: eusi jeung informasi sesuai sarta bisa maham kana nepikeun eusi jeung informasi kalayan lengkep.
			23-26	Cukup-Hadé: eusi jeung informasi sesuai sarta bisa maham kana nepikeun eusi jeung informasi kalayan kurang lengkep.
			17-22	Sedeng-Cukup: masih kurang kana maham eusi informasi anu di tepikeun sarta kurang lengkep dina nepikeunana.
			13-16	Kurang pisan: acan bisa maham kana eusi sarta teu bisa nepikeun informasi nu di cangking kalayan lengkep.
Struktur Téks	B	Organisasi Eusi	18-20	Hadé pisan-Sempurna: eusi anu dimekarkeun ku siswa jelas, strukturna sistematis tur lengkep, informasi tina unggal paragrafna nyambung.
			14-17	Cukup-Hadé: eusina dimekarkeun kurang jelas, sanajan strukturna geus sistematis sarta lengkep, informasi tina unggal

				paragrafna masih kurang nyambung.
			10-13	Sedeng-Cukup: eusi anu di mekarkeun masih kurang tina jelas, strukturna acan nepi ka sistematis tapi lengkep, informasi tina unggal paragraf anu di tepikeun masih kurang nyambung.
			7-9	Kurang Pisan: eusi anu dimekarkeuna henteu jelas, anapon runtuyan strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, informasi anu di tepikeun dina unggal paragrafna ogé henteu nyambung.
	C	Diksi	18-20	Hadé pisan-Sampurna: bisa ngawasa kana kandaga kécap, sanajan pilihan kécap na saeutik tapi kécap nu dipakéna merenah.
			14-17	Cukup-Alus: ngawasa kana kandaga kécapna, sanajan kecap nu dipaké masih kurang merenah.
			10-13	Sedeng-Cukup: kandaga kecapna masih kawatésan sarta sababaraha pilihan kécap anu di paké masih kénéh loba salahna.
			7-9	Kurang pisan: Pangaweruh kandaga kecapna kurang pisan, can bisa milih kécap nu dipaké dina nulis sahingga masih loba kasalahana.
Kaedah Basa	D	Maké Basa	22-25	Hadé pisan-Sampurna: geus bisa ngawasa kana tata basa sahingga kasalahan dina makéna basa ogé saeutik.
			18-21	Cukup-Hadé: kasalahan dina makéna basa geus saeutik sanajan dina nyangking tata bas ana katémpo acan ngawasa.
			14-17	Sedeng-Cukup: masih kurang kana ngawasa tata basana,

	E	Ėjahan		kasalahan dina makéna basa ogé masih kénéh loba.
			11-13	Kurang Pisan: loba kasalahan dina make basa, katémpo can bisa ngawasa sarta teu maham kana tata basa.
			5	Hadé pisan-Sampurna: hadé, bisa ngawasa kana aturan nulis jeung saeutik kasalahan dina éjahan.
			4	Cukup-Hadé: kurang hadé, maham kana aturan nulis jeung saeutik kasalahan dina éjahan.
			3	Sedeng-Cukup: kurang maham kana aturan nulis jeung loba kasalahan dina éjahan.
			2	Kurang Pisan: teu maham kana aturan nulis jeung loba pisan kasalahan dina éjahan.

(Aulia, spk. Panduan Guru bahasa Indonesia, 2023. kalawan diropéa deui)

- 2) Méré niléy kana hasil tés siswa. Skor maksimal tina tulisan siswa nyaéta 100, sangkan bisa nangtukeun skor ahir siswa panalungtik make rumus:

$$P = \frac{\Sigma \text{ skor siswa}}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$

- 3) Ngasupkeun peunteun kana tabél nu geus disadiakeun, hasil tina penilain na ditabulasikeun dina tabél dihandap.

3.2 Tabel

Tabel kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modél *project based learning* (PjbL)

NO	Kode Siswa	Kamampuh Nulis Saméméh							Kamampuh Nulis Sabada						
		A	B	C	D	E	Jml	PA	A	B	C	D	E	Jml	PA
1.															
...															
Jml															

Syifa Aulia Fatonah, 2025

MODĖL PROJECT BASED LEARNING (PJBL) DINA PANGAJARAN NULIS TĖKS BIOGRAFI (STUDI KUASI ĖKSPĖRIMĖN KA SISWA FASE F MA AR-RAHMAN CIKALONGWETAN TAUN AJAR 2024/2025)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Rata-rata		
------------------	--	--

Ket:

A = Judul sarta kasesuaian dina nepikeun informasi

B = Struktur téks: kasesuaian eusi jeung struktur

C = Diksi nu dipaké dina nulis téks biografi

D = Kaédah Basa: basa nu dipaké geus dikawasa atawa acan

É = Éjahan: éjahan siswa dina nulis téks biografi

Jml = Jumlah

PA = Peunteun ahir

Tabel 3.3

Kategori Penilaian

Kategori penilaian	
0-25	Kurang Pisan
26-50	Kurang
51-65	Cukup
65-80	Hadé
80-100	Hadé Pisan

(Djumingin, penilaian dan pembelajaran, 2017 kalawan di ropéa deui)

4) Nyindékkeun sakabéh data nu dicangking tina hasil panalungtikan.

3.7 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku kana uji normalitas jeung hipotésis. Uji normalitas pikeun mikanyaho naha data nu dicangking miboga distribusi normal atawa henteu. Uji normalitas diuji maké aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) versi 25. Ari uji hipotésis dilakukeun sangkan mikanyaho naha aya béda antara kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F MA Ar-Rahman Cikalongwetan saméméh jeung sabada dilarapkeuna modél *Project Based Learning* (PJBL).

3.7.1 Uji Normalitas

Uji Normalitas dilakukeun sangkan mikanyaho naha data nu geus dicangking tina saméméh jeung sabada dilarapkeun modél *Project Based Learning* (PJBL) dina pangajaran nulis téks biografi miboga distribusi data nu normal atawa

Syifa Aulia Fatonah, 2025

MODĚL PROJECT BASED LEARNING (PJBL) DINA PANGAJARAN NULIS TĚKS BIOGRAFI (STUDI KUASI ĚKSPĚRIMĚN KA SISWA FASE F MA AR-RAHMAN CIKALONGWETAN TAUN AJAR 2024/2025)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

henteu normal. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode *Shapiro-Wilk* nu miboga hipotésis uji normalitas saperti di handap.

- a. H_0 = distribusi data normal, saupama niléy (sig) $> 0,05$
- b. H_1 = distribusi data henteu normal, saupama niléy (sig) $< 0,05$

3.8 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun saupama tina uji normalitas miboga data nu teu normal, tuluy data bakal dianalisis ngaliwatan uji *non-parametric Wilcoxon*. Hipotésis dumasar Heryana (dina Anggraini, dkk. 2023) mangrupa jawaban nu can tangtu, sipatna logis ngeunaan hiji hal.

- a. H_0 (Hipotésis nol) : teu aya béda antara kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F kelas XI MA AR-RAHMAN 2024/2025 saméméh jeung sabada dilarapkeunanan *Modél Project Based Learning* (PJBL).
- b. H_a (Hipotesis alternatif) : aya béda antara kamampuh nulis téks biografi siswa Fase F kelas XI MA AR-RAHMAN 2024/2025 saméméh jeung sabada dilarapkeunana *Modél Project Based Learning* (PJBL).